

Nòt pou laprès

Biwo Avoka Entènasyonal yo (BAI), Mouvmman Jèn Solidè pou yon lòt Sosyete ( MJSS) ak MOLEGHAF konstate, 2 lane aprè rejim kowonpi ekstrèm dwat phtk dezyèm vèsyon an fè dappiyanp sou palè nasyonal la (7 fevriye 2017- 7 fevriye 2019), sitiyasyon sosyo-ekonomik mas yo vin pi degrade pandan ti ponyen moun anwo yo vin pi rich nan piye lajan leta a ak eksplwate fòs travay mas yo nan biznis yo. Sitiyasyon sosyo-ekonomik malouk sa lage majorite a nan yon mizè san parèy, pandan ti minorite zuit sa ap jwi yon richès san parèy. Pwojè **sosyete miwo miba** petyon an triyonfe, pwojè **sosyete byennèt pou tout moun** papa nasyon an rete sèl rèv fòs progresis yo.

Rejim konwonpi ekstrèm dwat phtk a koupe fache ak revandikasyon mas yo, pandan l ap sèvi tèt bese enterè oligachi ekonomik lan ak entènasyonal enperyalis la. Reyalite sosyo-ekonomik ak desizyon politik yo montre aklè se yon rejim anti- pwogrè, anti moun anba ak anti-nasyonal:

Jovenel MOISE fè boujwazi a benefisyè 123 milyon dola vèt pou ekipman lou, swadizan pou fè devlopman, epi gagote plizyè santèn milyon goud nan « karavàn chanjman » san pye san tèt li a, poutan rezilta makro-ekonomik yo montre agrikilti a konnen sèlman yon kwasans 1% pandan pat gen siklòn, pat gen sechrès ak inondasyon ;

Jovenel MOISE trayi klas ouvriyè a lè li pran desizyon kont revandikasyon ajisteman salè minimòm 1000 goud lan, nan yon kontèks ekonomik kote leta li nan tèt li ilegalman an, pa ka estabilize pri manje sou mache a. Nou deja gen yon enflasyon 14,6% e gen kèk kote boujwa ti lolit yo ap fèmen pòt biznis pou kreye rate sou mache a, kidonk chak jou pwodui premye nesosite yo ap kontinye ogmante epi mas yo nan grangou ;

Jovenel MOISE pa gen yon ajanda ekonomik ki vize entegrasyon 70% popilasyon aktiv ki nan chomaj la. Pandan yon jèn diplome ap depanse 3 a 4000 dola vèt pou avantire l nan peyi Chili, administrasyon Jovenel MOISE la ap fè elòj pwogram 50 000 goud (610 dola vèt) kredi atè plat ;

Jovenel MOISE pa rezoud kriz monetè a. Jodi a nou bezwen pou pi piti 82 goud pou yon dola vèt. Pou n pi klè, ekonomis yo estime goud la pèdi anviwon 25% valè l nan yon ekonomi k ap dolarize chak jou pi plis ;

Jovenel MOISE, yon konwonpi ki nan tèt yon administrasyon konwonpi : 4 rapò 3 enstitisyon nan leta a (palman ayisyen an, Inite Satral Ransèyman Finansye ak koudèkont) montre aklè Jovenel MOISE, ansyen ak aktyèl wo fonksyonè nan leta a epi boujwa nan peyi a kou lòt bò dlo, vòlò plis pase 4 milya dola vèt ki te dwe patisipe nan devlopman peyi a ;

Jovenel MOISE trayi lespri anti-kolonyal zansèt nou yo ak enterè peyi a pou fè tchoul enperyalis la. Sa pa gen lontan depi Jovenel MOISE ak akolit li yo vòlò lajan Venezuela te prete n pou devlope peyi a, men nou sezi wè menm Jovenel MOISE sa pa rekonèt reyeleksyon prezidan Nicolas Maduro pou fè plezi ak Donald Trump ki di Ayiti se yon tou latrin. Sak pi di a, Jovenel MOISE ki se yon gwo vòlò vèt pran pretèks Maduro pa byen eli, e li rekonèt kòm prezidan Venezyela yon tchoul Washington parèy li, ki enpoze tèt li gwo ponyètman kòm prezidan. Kidonk, Jovenel MOISE krache sou anviwon 2 syèk relasyon zanmitay Ayiti genyen ak Venezyela ki chita sou rezistans kont dominasyon enperyalis la.

Jovenel MOISE pataje kontwòl teritwa a ak gang: lè n ap gade sou rezo sosyal yo foto Jovenel MOISE ak ansyen chèf gang tèt kale, lè n ap gade foto madan Jovenel MOISE ak chèf gang bout janjan, lè n aprann atravè **rapò kèk òganizasyon k ap defann dwa moun** lajan pouvwa a ap distribye bay bandi legal sa yo

sou baz y ap « fè sosyal », lè n konnen bandi sa yo pa gen ni lajan ni otorite pou achte gwo zàm ak minisyon pou tire tout lannuit pou kraponnen moun ki pwal nan manifestasyon, nou konprann masak lasalin, masak gran ravin, masak Kanaran ak lòt ankò, rantre nan yon dinamik represyon politik pou anpeche mas yo souleve ;

Pou rezon sa yo ak lòt ankò, BAI, MJSS ak MOLEGHAF mande pèp ayisyen an pran lari toupatou nan peyi a, apati jedi 07 fevriye 2019 la, pou kapote rejim konwonpi ekstrèm dwat phtk a epi mete peyi a sou ray yon konferans nasyonal souverèn (**San prezans gwo peyi enperyalis yo**) pou reprann diyite l atravè yon sosyete san fòs kote. Konsa, n ap ka mete vòlè plis pase 4 milya dola vèt petwo karibe yo anba kòd tout bon vre.

Leve kanpe ! Leve Kanpe ! Leve Kanpe !